

5yèm Amanman Plan Daksyon pou Siklòn Ida a

Tout moun ki enterese yo ka soumèt kòmantè sou Amanman sa a sou sitwèb la lè yo [klike la a](#), pa imel nan rhcinfo@hcr.ny.gov, oswa pa lapòs yo voye bay Office of Resilient Homes and Communities, ATTN: Public Comments, 641 Lexington Avenue (2nd Floor), New York, NY 10022. Peryòd kòmantè piblik la pou 5yèm Amanman Plan Daksyon an (Action Plan Amendment 5, APA 5) ap fini nan dat Dimanch 13 avril 2025 a 5:00 p.m. Lè Zòn Lès. Yo p ap konsidere kòmantè yo resevwa apre 5:00 p.m. Lè Zòn Lès nan dat Dimanch 13 avril 2025 .

Kopi tout plan daksyon ak amandman yo disponib gratis, pou nenpòt moun ki mande kopi nan rhcinfo@hcr.ny.gov. Ou ka jwenn aksè ak dokiman sa yo sou sitwèb nou an lè w ale sou lyen sa a: [Lojman ak Kominote ki Gen Rezistans - Plan Daksyon ak Amanman | Homes and Community Renewal \(ny.gov\)](#). Pou ou jwenn aksè ak lang ak demann tradiksyon, tanpri kontakte rhcinfo@hcr.ny.gov.

APA 5 abòde atik ki annapre yo:

- A. Kapasite pou itilize fon ki soti nan sous diferan menm jan:** Si HUD apwouve gwo amanman sa a, RHC ka itilize lajan fon sibvansyon ki soti nan alokasyon PL 113-2 ak PL 112-55 CDBG-DR anvan yo, ansanm ak nenpòt alokasyon nan lavni, youn oswa lòt la san limit pou menm aktivite yo ki gen rapò ak bezwen rekiperasyon anba ni dega Ida lakòz ak katastwòf ki pase ak sa yo k ap vini. Epitou sa a aplike nan Zòn ki Plis Afekte epi ki Gen Plis Dega siklòn Ida yo epi alokasyon anvan ak alokasyon k ap vini yo kouvri, epi lè Plan Daksyon HUD apwouve yo pou alokasyon anvan ak alokasyon k ap vini yo pèmèt sa a. Mizajou ki fèt nan seksyon Rezime Egzekitif la ak Itilizasyon Fon yo.
- B. Rekonpans finansye pou ede lokatè jwenn lojman ki gen plis rezistans kont katastwòf:** Chanje non pwogram lan pou l tounen "Rekonpans Finansye pou Ede Lokatè Jwenn Lojman ki an Sekirite". Gwo mizajou nan konsepsyon pwogram nan, ki gen ladan l aktivite ki elijib, pou retire pati ki gen rapò ak reparasyon pwopriyete yo epi ajoute asistans pou achte kay ak asistans pou demenaje. Mizajou nan kondisyon elijiblite yo pou rann yo pi fasil pou konprann, epitou pou retire kalifikasyon pou pwogram pou fanmi ki gen revni ki pi wo pase 160% Revni Mwayèn Zòn nan epi pèmèt lojman pèmanan aplikan yo chita nenpòt kote nan Eta New York. Rediksyon nan asistans maksimòm Pwogram nan pou chak aplikan soti \$100,000 pou desann a \$50,000 ak chanjman nan kalkil peman ak kritè pou Rekonpans Finansye pou Ede Lokatè Jwenn Lojman ki an Sekirite a, ki anvan sa a te pèmèt yo resevwa prim ki baze sou 18 mwa asistans pou lwaye pou demenajman anvan aplikasyon an ak 12 mwa apre aplikasyon an. Pou kounye a, pwogram nan kalkile asistans ki baze sou 36 mwa asistans pou lwaye plis pi piti nan depans reyèl depo sekirite yo ak frè koutye oswa menm pri ak yon lojman ki gen yon Lwaye Mache Ekitab 120%. Ogmantasyon nan kalkil peman ak kritè pou Asistans pou Achte Kay ki an Sekirite ak Asistans pou Demenaje. Mizajou sou kritè seleksyon moun ki pral resevwa finansman pou Pwogram nan. Mizajou ki fèt nan non Pwogram nan toupatou, ak nan seksyon Lojman Ekitab, Done Dwa Sivil ak Avansman Ekite ak RSHI.

Pwogram Rekonpans Finansye pou Ede Lokatè Jwenn Lojman ki an Sekirite a bay aplikan yo asistans atravè opòtinite CDBG-DR finanse yo:

- Rekonpans Finansye pou Ede Lokatè Demenaje nan Lojman ki an Sekirite: prim rekonpans pou demenaje nan inite lojman lwaye ranplasman ki pi an sekirite.
- Asistans pou Achte Kay ki an Sekirite: asistans pou pwopriyetè achte lojman pèmanan ki an sekirite, ki gen ladan konsèy sou lojman ak edikasyon sou fason pou achte kay ajans konsèy sou lojman HUD apwouve yo bay; epi
- Asistans pou Demenaje: asistans pou depans pou demenaje nan yon lojman ranplasman ki an sekirite, swa pou lwe oswa pou achte.

Kay ki gen revni ki katreven pousan (80%) oswa mwens pase revni mwayèn zòn nan (less than area median income, LMI) ka elijib pou resevwa yon prim nan men Pwogram Rekonpans pou Lojman ki an Sekirite Lokatè yo. Aplikan ki gen revni kay ki ant 81 a 160% AMI yo epi yo konsidere kòm popilasyon ki vilnerab oswa moun klas pwoteje ki pa t konn resevwa resous nan tan pase yo ka elijib tou. Sepandan, aplikan LMI yo pral gen priyorite. Aplikan ki gen revni kay ki depase 160% AMI yo pa kalifye.

Omwen, fwaye yo dwe te lwe lojman prensipal yo nan yon konte yo te deklare ki viktim katastwòf nan moman Ida te pase a, yo dwe jwenn lojman pèmanan nan Eta New York, yo dwe demenaje akòz dega Siklòn Ida, epi yo pa dwe posede lojman prensipal yo nan moman aplikasyon pwogram lan. Yo ka akòde eksepsyon selon jijman Pwogram nan pou lojman pèmanan andeyò Eta a.

Pou aplikan yo elijib pou asistans dapre RSHI, yo dwe demontre lojman pèmanan yo satisfè definisyon pwogram nan pou “lojman ki an sekirite”. Sa a vle di lojman an:

- Satisfè estanda bon eta, sekirite, ak ijyèn yo;
- Li chita andeyò zòn ki konn gen inondasyon an oswa, si li nan zòn ki konn gen inondasyon, li pi wo pase nivo inondasyon debaz la;
- Si li chita nan yon zòn ki gen risk pou inondasyon ki sanble ak zòn kote Siklòn Ida te pase a (ki gen ladan men se pa sèlman si yo konnen inite a te domaje akòz Siklòn Ida), pwogram nan pral mande dokiman ki montre yo te aplike mezi prevansyon inondasyon endiskri a rekòmande depi apre tanpèt la; epi
- Sizoka omwen yon moun ki nan kay la toutan gen yon andikap ki dokimante, lojman pèmanan an dwe genyen ladan l tou aranjman rezonab ki nesèsè yo.

Asistans maksimòm pou yon aplikan atravè Pwogram sa a se \$50,000. Aplikan ki elijib yo ka chanje ant eleman Rekonpans Finansye pou Ede Lokatè Demenaje nan Lojman ki an Sekirite ak eleman Asistans pou Achte Kay ki an Sekirite a, men prim total yo genyen ant toulede yo pa ka depase asistans maksimòm \$50,000 a. Fwaye ki gen bezwen aksè yo kapab depase asistans maksimòm lan pou pèmèt yo jwenn aranjman ki rezonab. Asistans pou demenaje pa konte nan asistans maksimòm \$50,000 a.

Rekonpans Finansye pou Ede Lokatè Demenaje nan Lojman ki an Sekirite:

Rekonpans finansye maksimòm ki disponib pou yon aplikan depannde nivo depans pou lojman fwaye a chak mwa, ak depans reyèl pou depo sekirite ak frè koutye yo, jiska yon maksimòm \$50,000 Pwogram nan bay. Lokatè ki nan lojman an sekirite ki elijib yo (jan yo defini sa a nan Pwogram Elijiblite a) ka resevwa yon peman rekonpans ki ekivalan ak montan fwaye a bezwen pou rann lwaye a bon mache pou 36 mwa, pou lwaye chak mwa jiska 120% Pri Lwaye Mache Ekitab HUD a pou konte a (menm si aplikan yo ka chwazi lojman pèmanan ki gen pri lwaye ki pi wo pase 120% FMR), plis pi piti nan depans reyèl pou depo sekirite yo ak frè koutye oswa menm depans yo pou yon inite 120% FMR . Yo defini Bon Mache kòm yon peman pou lwaye pa mwa ki pa plis pase 30% revni brit ajiste chak mwa a fwaye a. Rekonpans lan ka baze sou pri lwaye ki pi wo pase 120% To Mache Ekitab la si fwaye a gen bezwen aksè ki gen rapò ak andikap ki dokimante. RHC pral detèmine revni brit ajiste chak mwa chak fanmi pou evalye rekonpans maksimòm ki disponib.

Asistans pou Achte Kay ki an Sekirite

Yo pral kalkile Asistans pou Achte Kay ki an Sekirite a yon fason pou pèmèt aplikan pa depanse plis pase 30% nan revni chak mwa li nan depans pou lojman. Prim maksimòm pou pwogram asistans pou achte kay la se \$50,000. Pwogram nan pral fikse pri maksimòm pou achte kay yo epi pri yo depannde konte a. Aplikan ki gen revni ki plis pase 120% AMI ka sèlman resevwa asistans pou avans.

Asistans pou Demenaje

Yo detèmine prim maksimòm pou Asistans pou Demenaje dapre [Lis Pri Fiks pou Demenajman Rezidansyèl URA a](#). Asistans pou demenaje pa konte nan asistans maksimòm \$50,000 a.